**दिन–बुधवार** **दिनांक–15.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि– 05 मिनट

---

प्रधानमंत्री आ भाजपाक वरिष्ठ नेता नरेंद्र मोदी पार्टीक कार्यकर्ता लोकनि सँ पूरा ऊर्जाक संग बिहार मे एनडीएक जीत सुनिश्चित करबाक लेल काज करबाक आह्वान कयलनि। श्री मोदी एखन बूथ स्तरक पार्टीक कार्यकर्ता लोकनि संग संवाद कऽ बिहार विधानसभा चुनाव लेल प्रचार शुरू कयलनि। ओ मेरा बूथ सबसे मजबूत अभियानक अंतर्गत पार्टीक कार्यकर्ता लोकनि संग संवाद कयलनि। ओ कहलनि जे बिहार मे पुनः सुशासनक सरकार बनत।

---

एनडीए मे टिकट बंटवारा सँ निराश भेल राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा आइ दिल्ली मे भाजपाक वरिष्ठ नेता अमित शाह सँ भेट कयलनि। श्री शाह सँ भेट कयलाक बाद ओ कहलनि जे बातचीत सकारात्मक रहल।

---

एनडीएक घटक दलक मध्य सीटक बंटवारा के लऽकऽ चलि रहल गतिरोधक बीच जदयू आइ संतावन उम्मीदवारक पहिल सूची जारी कऽ देलक। एहि सूची मे छओ मंत्रीक नाम छनि। जखनकि अठारह विधायक के दोबारा टिकट भेटल अछि। दू विधायकक टिकट कटि गेल। पार्टी चारि महिला के सेहो टिकट देलक अछि। जदयू सरायरंजन सँ विजय कुमार चौधरी, बहादुरपुर सँ मदन सहनी, गायघाट सँ कोमल सिंह, समस्तीपुर सँ अश्वमेघ देवी, दरभंगा ग्रामीण सँ ईश्वर मंडल, कुशेश्वरस्थान सँ अतिरेक कुमार के जखनकि कल्याणपुर सँ महेश्वर हजारी के टिकट देलक अछि। जदयूक लोकजनशक्ति पार्टी रामविलासक दावावला पांच सीट पर सेहो अपन उम्मीदवार उतारक अछि।

---

एहि मध्य भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि अछि जे एनडीए मे सीट बंटवाराक बाद सभ घटक दल अलग–अलग विधानसभा क्षेत्र पर चर्चा कयलनि। एकर बाद

पार्टी सँ अपन उम्मीदवारक घोषणा कऽ रहल अछि। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ ओ कहलनि जे एनडीए मे कोनो समस्या नहि अछि।

———————————————————————

भाजपा आइ अपन प्रत्याशीक दोसर सूची जारी कऽ देलक। दोसर सूची मे पार्टी दू महिला समेत बारह प्रत्याशीक सूची जारी कयलक अछि। अलीनगर विधानसभा क्षेत्र सँ सुप्रसिद्ध गायिका मैथिली ठाकुर के जखनकि छपरा सँ छोटी कुमारी के प्रत्याशी बनौलक अछि। एकर अतिरिक्त हायाघाट सँ रामचन्द्र प्रसाद, मुजफ्फरपुर सँ रंजन प्रसाद, रोसड़ा सँ वीरेन्द्र कुमार आ बक्सर सँ आनंद मिश्रा के अपन उम्मीदवार बनौलक अछि।

———————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उप–मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आइ लखीसराय विधानसभा सीट सँ नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर वरिष्ठ नेत्री आ दिल्लीक मुख्यमंत्री रेखा गुप्ता आ प्रदेशक उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सेहो उपस्थित छलाह। एम्हर, दरभंगा मे प्रदेशक राजस्व एवं भूमि सुधार मंत्री संजय सरावगी सेहो अपन नामांकनक पर्चा दाखिल कयलनि। राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सेहो राघोपुर विधानसभा सीट सँ नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर हुनका संग राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद आ पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी सेहो उपस्थित छलीह। खगड़िया विधानसभा क्षेत्र सँ जन सुराजक जयंती पटेल नामांकन दाखिल कयलनि। दीघा विधानसभा क्षेत्र सँ भाजपाक संजीस चौरसिया, भाकपा–मालेक दिव्या गौतम, मनेर सँ राजदक भाई वीरेन्द्र आ फतुआ सँ राजदक रमानंद यादव सेहो नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि।

———————————————————————

महागठबंधनक घटक दलक मध्य सीट बंटवारा के लऽकऽ एखन धरि सहमति नहि बनि सकल अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सीट बंटवारा के लऽकऽ चलि रहल गतिरोध के समाप्त करबाक लेल वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनीक संग बातचीत कयलनि। प्राप्त जनतबक अनुसार वीआईपी के अठारह सीट देबाक लेल सहमति बनल। एम्हर, प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष राजेश राम कहलनि अछि जे पार्टी भीतर सभ मुद्दा पर बातचीत भऽ गेल अछि आ जल्दीए उम्मीदवारक सूची जारी भऽ जायत।

———————————————————————

जन सुराजक संस्थापक प्रशांत किशोर कहलनि अछि जे ओ विधानसभा चुनाव नहि लड़ताह। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे ओ कहलनि जे पार्टी नेतृत्व निर्णय कयलक अछि जे हम प्रत्याशीक जीत लेल काज करब।

———————————————————————————————

दरभंगा मे ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक कुलपति संजय कुमार चौधरी क्लाइमेट डायनेमिक्स ऑफ बिहार पोथीक विमोचन कयलनि। ई पोथी जलवायु परिवर्तन लेल महत्वपूर्ण मानल जायत अछि।

———————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।